

Nim. 202.72

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon ak Lwa Eta New York la konfye mwen, avèk dokiman sa a, konkli gen yon katastwòf ki la toujou kote ajans eta ak gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèni kòm sadwa. Poutèt sa, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen an, mwen kontinye avèk dokiman sa a pandan trant jou deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan Eta a apati de 7 mas 2020, jan li etabli nan Dekrè Egzekitif 202 a. Dekrè Egzekitif sa a ap rete anvigè jiska 3 desanm 2020.

ANPLIS DE SA, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay kèlkeswa direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye efektivman sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202 rive nan jiska 202.21, ak 202.27, 202.28, 202.29, 202.30, 202.31, 202.38, 202.39, 202.40, 202.41, 202.42, 202.43, 202.48, 202.49, 202.50, 202.51, 202.52, 202.55, 202.55.1, 202.56, 202.60, 202.61, 202.62, 202.63 jan yo kontinye ak fè pati nan Dekrè Egzekitif 202.67 ak 202.68 pou yon lòt trant jou jiska 3 desanm 2020, eksepte:

- Sibdivizyon (a) nan Seksyon 301 nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an (Vehicle and Traffic Law), nan mezi li egzije enspeksyon sekirite chak ane ak enspeksyon pou degajman omwen chak dezan, p ap sispann oswa modifye ankò, epi depi ke okenn penalite pa pral atache ak absans pou jwenn enspeksyon sa a jiska premye desanm 2020.
- Sibdivizyon 1 nan Seksyon 491 Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an, nan mezi ke sa bay yon peryòd validite ak ekspirasyon yon kat idantifikasyon ki pou chofè, pa pral sispann oswa modifye;
- Seksyon 401, 410, 2222, 2251, 2251, ak 2282(4) nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an, nan mezi ke li bay yon peryòd validite ak ekspirasyon pou yon sètifika anrejistremman oswa plak imatrikilasyon pou yon veyikil ak oswa trelè ak motè, yon motosiklèt, yon motonèj, yon bato, yon veyikil ak itilizasyon limite, ak yon veyikil touteren, pa pral sispann oswa modifye ankò, men depi ke okenn penalite pa pral atache pou absans nan pwolonje antrejistremman sa a jiska premye desanm 2020.

- Seksyon 420-a nan lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an, nan mezi ke li bay yon ekspirasyon pou dokiman anrejistreman pwovizwa yo ke konsesyonè otomobil yo te bay pa pral sispann ankò oswa modifiye;
- Konfòmman ak Dekrè Egzekitif 202.67, sispannyon pou ka sivil yo nan Dekrè Egzekitif 202.8, jan sa modifiye ak pwolonje nan Dekrè Egzekitif yo, ki mete an poz kèlkeswa limit tan espesifik pou kòmansman, depoze, oswa sèvis nan kèlkeswa aksyon legal, avètisman, mouvman, oswa lòt pwosesis oswa pwosedi jan sa dekri nan lwa pwosediral Eta a, gen ladan men san li pa limite ak lwa sou tribinal sou fanmi an, lwa ak règ sou pratik sivil yo, lwa sou tribinal reklamasyon yo, lwa sou pwosedi tribinal siksesyon an, ak lwa sou tribinal inifòm yo, oswa pa kèlkeswa lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan, avèk dokiman sa a, pa an vigè ankò apati 4 novanm 2020, depi ke kèlkeswa sispannyon lwa sou pwosedi kriminel rete an vigè epi depi ke tout sispannyon Lwa sou Tribinal Fanmi an rete an vigè jiska 18 novanm 2020 epi apre sa kontinye rete an vigè pou zafè delenkans jèn sa yo ki pa enplike yon jèn ki nan prizon ak pou pwosedi sou neglijan timoun sa yo ki pa enplike fanmi dakèy yo.
- Nan mezi Dekrè Egzekitif 202.61 an te modifiye soudivizyon 1 nan seksyon 579 Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) la pou egzije yo rapòte rezilta tès COVID-19 ak grip yo nan laboratwa klinik anplis yo nan 3 èdtan, modifikasyon sa a ap kontinye epi li amande pou pèmèt laboratwa sa yo rapòte rezilta yo bay Depatman an nan 24 èdtan, depi Depatman an gendwa egzije yo rapòte pi souvan si yo estime sa nesèsè;

ANPLIS DE SA, mwen avèk dokiman sa a sispann oswa modifiye tanporèman, pou peryòd apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 3 desanm 2020:

- Seksyon 732 ak 743 nan Lwa sou Aksyon ak Pwosedi pou Byen Imobilye a modifiye nan mezi ki nesèsè pou pèmèt ke tan pou reponn nan kèlkeswa pwosedi eviksyon somè pou non peman lwaye ke yo dwe nan dat piblikasyon Dekrè Egzekitif sa a pral 60 jou.

ANPLIS DE SA, konfòmman ak otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyoasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou jiska dat 3 desanm 2020:

- Direktiv ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.61 an, ansanm avèk aplikasyon enstriksyon an, ki egzije laboratwa klinik ak pwofesyonèl ki gen lisans ke Pwogram Evalyasyon Laboratwa Biwo Medsen Depatman Sante (Department of Health Physician Office Laboratory Evaluation Program) a otorize pou administre yon tès pou COVID-19 oswa pou grip pou rapòte rezilta COVID-19 ak tès pou grip bay Depatman an nan twa èdtan, avèk dokiman sa a modifiye pou pèmèt laboratwa klinik yo ak pwofesyonèl ki gen lisans sa yo avèk egzijans sou rapòtaj yo pou rapòte rezilta yo bay Depatman an nan 24 èdtan, depi Depatman an gendwa egzije yo rapòte pi souvan si yo estime sa nesèsè.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany nan twazyèm jou mwa

novanm nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a